



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/15/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE WIKENN OUVÈTI NAN WATKINS GLEN INTERNATIONAL

\$2.25 milyon sibvansyon REDC ap sipòte travay renovasyon enpòtan ak sekirite pis

Pis la ap ofri yon rabè admisyon pandan tout sezon an pou veteran yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kòmansman sezòn kous nan Watkins Glen International e li ankouraje tout Nouyòkè yo, ansanm avèk vwayajè ki soti andeyò eta, pou vizite pis la.

Pandan sezon ki pa gen aktivite a, Watkins Glen International te fè anpil renovasyon sou sekirite pis la grasa yon sibvansyon \$2.25 milyon atravè 4yèm seri nan inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal.

Wikenn ouvèti nan Watkins Glen International ap demare nan samdi 16 avril. Tikè yo disponib pou otomobilis ki gen 18 ane oswa pi gran ki gen yon lisans valab pou kondwi sou nouvo teren ki fenk asfalte a. Anplis, yap ofri veteran yo rabè sou admisyon pandan tout sezon an.

"Jodia nap selebre ouvèti wkenn nan youn nan atraksyon ki valorize touris plis nan Eta New York," **te deklare Gouvènè Cuomo**. "Chak ane, aktivite kous Glen nan nivo mondyal ap atire plizyè santèn milye vizitè nan Southern Tier e li jenere plizyè santèn milyon dola nan ekonomi rejyonal la. Kòm nap demare sezon kous 2016 la, mwen ankouraje Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo pou non sèlman konsidere fè yon kous pandan ete sa, men tou pou itilize l kòm yon opòtinite pou pwofite de sa Southern Tier gen pou ofri."

Watkins Glen International atire plizè milye vizitè, alafwa nan ak andeyò eta, nan rejyòn Southern Tier sa fè Eta New York vini yon premye destinasyon pou vwayaje ak pou fè biznis. Watkins Glen International se yon sant atraksyon ki gen plis pase 830,000 vizitè ak plis pase \$200 milyon nan enpak ekonomik chak ane.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier te chwazi Watkins Glen International kòm yon pwojè priyorite nan Seri 4, kòm li aliyen avèk plan konpreyansif zòn nan "Elan Southern Tier" pou jenere gwo kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. \$2.25 milyon sibvansyon eta te sipòte asfaltaj ak renovasyon ki nesèsè pou

adrese pwoblèm sekirite enpòtan anvan kòmansman sezon 2016 la. Pwojè a te itilize \$3.3 milyon nan materyèl lokal pou ranplase yon pati nan pis ki egziste deja epi fini renovasyon nan bòdi twotwa, wiso, ak twou sou wout la.

Prezidan Watkins Glen International Michael Printup te deklare, "Nan non tout ekip Watkins Glen International, nou onore paske Gouvènè Cuomo te rejwenn nou nan aboutisman pwojè modènizasyon nou an. Envestisman ke Eta New York ak International Speedway Corporation te fè nan etablisman sa stabilize pozisyon nou kòm yon motè ekonomik ak touris nan rejyon Southern Tier. Plizyè milye fanatik kous, ki soti toupatou nan peyi a, ap gade Watkins Glen International kòm yon destinasyon pou yo kontinye retounen nan bèl eta nou an chak ane. Nap rete tann gwo sezon sa nan Glen lan."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier, Prezidan Binghamton University Harvey Stenger, ak Prezidan Corning Enterprises Tom Tranter te deklare, "Lokal tankou Watkins Glen International fè travay nou pou ankouraje Southern Tier vin pi fasil. Sa a se yon bèl destinasyon ki enteresan kap atire plizyè santèn milye moun nan zòn nou an chak ane. Eta kontinye sipòte eta nan pis kous sa grasa pwosesis REDC se yon ekselan envestisman ki gen anpil rekonpans."

Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, "Nou fyè paske Watkins Glen International rele Eta New York kay li, atire kous nivo mondyal ak vizitè yo toupatou nan mond lan pou rive nan Southern Tier. Glen sipòte preske 2,000 anplwaye nan endistri touris rejyon an kap grandi, sa ki esansyèl nan devlope kalite lavi rejyon an ak kapasite pou inovasyon— yon pilye enpòtan nan plan \$500 milyon pu asire elan Southern Tier."

Rabè Veteran nan Watkins Glen International

Pou onore gason ak fi brav yo ki te sèvi nan Fòs Lane Ameriken, Watkins Glen International ap ofri yon rabè pandan tout sezon an pou veteran yo. Veteran yo ap resevwa rabè pou admisyon tikè NASCAR, ansanm avèk pwomnad gratis pou fanatik yo, sa ki bay patisipan yo yon eksperyans depre pou mache sou rebò wout la anvan kous la. Anplis, veteran yo ap resevwa admisyon gratis ansanm avèk yon tikè konpanyon pou tout kous nan International Motor Sports Association kap fèt nan mwa Jen.

Direktè Divizyon Afè Veteran Eta New York Kolonèl Eric Hesse te deklare, "Inisyativ Gouvènè Cuomo pou ofri yon rabè nan sezon kap vini an nan Watkins Glen bay yon lòt gwo opòtinite pou Veteran yo nan Eta New York. Te toujou gen yon gwo lyen ant kominote Veteran yo ak NASCAR e sa pral pote plis ekspozisyon pou gwo veteran nou yo. Watkins Glen se yon gwo lokal pou wè diferan fòm spò otomobil e nap rete tann prezans Veteran nou yo."

Senatè Tom O'Mara te deklare, "Nou gen chans paske nou rele Watkins Glen International youn pami nou isit la nan rejyon Southern Tier ak Finger Lakes, e nou pat ka pi kontan pou kòmansman nouvo sezon an ak pou montre nouvo pis la. Nou pran

anpil fyète nan youn nan lokal espòtif ki pi anblemantik nan mond lan e lefèt ke 'Glen' te rezone pifò toupatou nan istwa espòtif Etazini pandan plis pase sis deseni. Watkins Glen International se youn nan premye destinasyon Eta New York, nan pyès santral endistri touris premye plan, ak yon fòs motris pou anpil kominote sèvis charitab ak inisyativ delvopman ekonomik, enkli yon angajman patikilye spesyal pou veteran nou yo."

Manm Asanble Phil Palmesano te deklare, "Sa a se yon gwo privilèj pou rejwenn Gouvènè Cuomo, kòlèg lejislatif mwen yo, Watkins Glen International, ak chofè pwofesyonèl ansanm avèk fanatik yo ki fè espò sa vin spesyal. Li enteresan pou nou akeyi yon nouvo sezon nan Glen ak pou finalman montre nouvo sifas pis la ke pwodui travay san relach ak angajman tout moun nan WGI. Se youn nan pi gwo atraksyon New York e li se yon pyès santral nan tout eta ak ekonomi rejyonal."

Prezidan Lejislati Konte Schulyer Dennis Fagan, "Mèsi Gouvènè Cuomo paske li te sipòte Watkins Glen International, yon gwo motè ekonomik pou rejyon nou an. Avèk sipò eta, WGI ap kontinye pote vizitè nan zòn nan kote yo ka vizite biznis lokal ak restoran yo, epi pwofite de yon jou enteresan nan pis la. Mwen espere yon lòt gwo ane ankò."

Majistra Watkins Glen Samuel Schimizzi te deklare, "Nou kontan paske nap lanse wikenn ouvèti a nan Watkins Glen International epi selebre nouvo pis la avèk kominote a, vizitè ansanm avèk fanatik kous la. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l nan Watkins Glen epi paske li te investi nan sekirite kourè nou yo. Nap rete tann yon lòt sezon siksè nan Glen epi ankouraje tout moun paske yo vizite, pase tan epi pwofite de kous yo!"

Akselere Elan Southern Tier

Anons jodia konplete "Elan Southern Tier" plan konpreyansif zòn nan pou jenere gwo kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a deja investi plis pase \$3.1 milya nan rejyon an depi 2012 pou sipòte plan an –atire yon mendèv ki gen talan, devlope biznis ak kondwi inovasyon. Jodia, chomaj desann nan nivo ki pi ba depi avan Gran Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz desann; epi biznis yo ap chwazi kote tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm yon destinasyon pou yo grandi ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere Elan Southern Tier avèk yon investisman \$500 milyon Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Upstate la, Gouvènè Cuomo te anonse nan Desann 2015. Investisman \$500 milyon Eta a pral ankouraje biznis prive pou yo investi plis pase \$2.5 milya – e plan rejyon an, jan yo te soumèt li, pwojete jiska 10,200 nouvo djòb. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418